

**ФАРНÆ УОТИД КОРГÆЙ КУ УИДÆ, УÆД АЛКЕДÆР ФИЦЦАГИДÆР УОЙ РАВЗАРИДÆ!..**

***Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936), финсæг, æхсæнадон архайæг: «Адæймагæн зин бухсæн ку исуй æ еу фарсбæл хуссун, уæд æхе рахатуй иннердæмæ. Фал ин æ царди уавæртæ зин бухсæн ку исунцæ, уæдта айдагъдæр гъæститæ кæнуй. Ду ба уой бæсти дæхецæн базин кæнæ: дæ равгитæмæ гæсгæ дæхе рафæлдахæ!..» Аци номдзуд лæги загъд сумахмæ ба ести барæ даруй?..***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№38 (909) 2023 анзи 7 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман


# ЦÆМÆЙ ФÆЛЛОЙНÆГÆНÆГ Æ РАВГИТÆЙ ЗÆРДИРАЙ УА!..




Зундгонд куд æй, уотемæй алли анз дæр профцæдести хъæппæресæй 7 октябрь исуй аккаг фæллойни фадуæттæ аразуни сæрбæлтау архайди Еугурдуйнеуон бон (Всемирный день действий за достойный труд). Еци бон ци мадзæлттæ арæзт æрцæуй, уони нисанеуæг æй фæллойнæгæнæг дзилли сæрбæл исдзорун æма син сæ бартæ æнхæстæй багъæуай кæнун.

Профцæдести размæ ци ахсгиаг фарстатæ æвæрд ес, уонæн сæ сæйрагдæртæй æнцæ – косгутæн сæ фæллойнæбæл аккаг мизд федун, сæ кусти син æмбæлгæ уавæртæ аразун, социалон æмгустадæ фæгъгъомусгиндæр кæнун æма уотæ идарддæр. Профцæдестæ еудадзугдæр архайунцæ фæллойнæгæнгутæн сæ кусти фæдбæл мизд еудадзугдæр фулдæр кæнунбæл, цæмæй косгутæн æма сæ даруйнæгтæн уа аккаг хузи цæруни фагæ, цæмæй адæмæн кусти бунæттæ фулдæр кæнонцæ.

Устур куст цæуй, нуртæккæ сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, уони хæццæ коллективон бадзурдтæ аразунбæл, цæмæй син уæлæнхасæн фæрæзнитæ дехгонд цæуонцæ сæхе æма сæ бийнонти царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн.

Паддзахадæ кæд устур æргом æздахуй социалон-нисанеуæггон политикæмæ, уæддæр нæ абониккон цардарæзти ма берæ ес æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстатæ. Нерæнгæ ма беретæ барææнæбари дæр косунцæ, æхцай фæрæзнитæ федуни уавæр, мизди рæстæмбес нимади бæрцæй дзæвгарæ дæлдæр кæми æй, уæхæн кустити. Еуæй-еу æдзæсгон кустдæтгутæ аллихузи дæр архайунцæ закъони сæрти рахезунбæл, уæдта закъонади фæткитæ æма домæнтæ ихалгæй, нецæмæ дарунцæ социалон æмгустади домæнтæ. Уомæ гæсгæ ба уæлдай устурдæр æргом гъæуама æздæхт цæуа паддзахади экономикон къабази кусти уавæртæ фæххуæздæр кæнунмæ, фулдæр æма комкоммæ бæлвурддæр архайд гъæуама цæуа коллективон бадзурдти æма бафедудти ахедундзийнадæ уæлдæр кæнунбæл.

*Цæгат Иристони культури косгути профессионалон цæдес*

**БÆРÆГБОНИ МАДЗÆЛТТÆ**



## ЦИТГИЙНАГ НИН ДÆ, АХУРГÆНÆГ, ÆМА ДИН КАДÆ КÆНÆН!..

Зундгонд куд æй, уотемæй нæ бæсти разамонæг **Владимир Путини** унаффæй 2023 анз Уæрæсей нимад цæуй ахургæнæг æма зундамонади къабази косæги Анзбæл. Уой фæдбæл ци берæ аллихузон гъуддæгутæ арæзт цæуй, уонæн – сæ агъазиаудæртæй иссæнцæ ахургæнæги Бони фæдбæл бæрæгбони мадзæлттæ дæр. Куд аллианзон бæрæгбон, уотæ е раздæр бæрæггонд цудæй октябри фиццаг хуцаубони. 1994 анзи 3 октябри ба Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ ин нисангонд æрцудæй бæлвурд бон – 5 октябрь.

Аци анзи бæрæгбон цитгинæй бæрæггонд æрцудæй Цæгат Иристони дæр. Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** сæрмагондæй фембалдæй нæ республики астæуккаг ахуради къабази берæ æнзти дæргъи ка фæллойнæ кæнуй, ирæзгæ фæлтæри зундирахаст раст гъудитæбæл ка æвæруй æма син сæ зæрдити тæккæ хуæздæр менеугутæ ка æвзурун кæнуй, еци ахургæнгутæ æма гъомбæлгæнгути хæццæ. Æма æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Мах нæ еугурдæр скъоладзаутæ адтан æма абони дæр ма нæ зæрдæбæл дарæн, ке уарзтан, еци ахургæнгути. Етæ нин хуарз фæуунбæл зæрдиагæй архайдтонцæ. цæмæй царди урух нæдтæбæл цæуæн нифсгунæй, алли цæлхдорти нихмæ дæр æмбæлгæ мадзæлттæ ерæн. Абони ахури уагæвæрд æндæрхузон æй.

2


**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

***Уæрæсей Федераций Федералон æмбурди закъонæвæргути Совети рази архайæг сæрмагонд къамиси æмбурди архайдта нæ республики Парламенти Сæрдар Тускъати Таймораз дæр. Æма куд загъта, уотемæй закъонæвæргути багъæудзæнæй берæ барадон хъæппæрестæбæл бакосун бæсти регионти идарддæри социалон-экономикон райрæзти пайдайæн.***

## БИЙНОНТÆ – ЦАРДИ БУНДОР



Автономон æнæкоммерцион еугонд «Уæрæсе – райрæзти туґдадæ» аразуй еугуруæрæсеуон дзиллон конкурс «Бийнонти фарнæн». Уоми архайуни фадуат ес, тæккæ минкъийдæр 4 адæймаги æма 3 фæлтæри (сувæллæнттæ, нийййергутæ æма нанатæ-бабатæ) кæми ес, уæхæн бийнонтæн. Конкурси æнтæстгиндæр бæрæггæнæнтæ равдесæг бийнонтæн исаккаг кæндзæнæнцæ цæрæнуатон сертификаттæ, бæстæзонæн балцитæ æма æндæр лæвæрттæ. Еугуруæрæсеуон конкурси архайуни фæдбæл регистраци косдзæнæй 2023 анзи 4 ноябри уæнгæ.

Еугур информаци дæр базонæн ес конкурси официалон сайти: https://family.rsv.ru/

## АККАГ КУСТ АЛКÆМÆН ДÆР



Цæгат Иристони аци анзи кæронмæ куст лæвæрд æрцæудзæнæй, се 'нæнездзийнадæ хуæздæргъæуагæ кæмæн æй, 30 уæхæн адæймагемæн. Адæмæн куст дæттуни комитети сæрдар Плати Альбинæ куд игъосун кæнуй, уотемæй аци анзи аст мæйей дæргъи комитетæн бантæстæй фондз æма дууинсæй сахъат адæймагемæн косæн бунæттæ раттун. Цæмæй уæхæн адæм фулдæр ист цæуа косунмæ, уой туххæй ма комитет радех кодта дууæ миллион сомей бæрцæ. Кустуæтти разамонгутæн æй зундгонд – се 'нæнездзийнадæ хуæздæргъæуагæ ци адæймæгутæн æй, уони кустмæ ку райсонцæ, уæд син сæ хæрзтæ банхæст кæнуни туххæй паддзахадæ ратдзæнæй 72 мин соми.

## НÆДТÆБÆЛ ЦÆУНИ ÆДАСДЗИЙНАДÆН



Анзи фиццаг æрдæги Цæгат Иристони нæдти фонди хæрзтæ исхъæрттæнцæ 1,8 миллиард сомемæ. Уой туххæй фегъосун кодта республики финансти министри хуæдæййевæг Оксанæ Карова. Æ дзубандимæ гæсгæ, пълани федаргонд нисантæй е æй æвддæс æма инсæй проценти. Уомæй уæлдай ма æнæбахинцгæ хæрзтæн дæр уагъд æрцудæй авд æма фондзинсæй миллион соми республики Сæргълæуууæг æма Хецауади фондæй. Оксанæ Карова ма фæннисан кодта, республикæ ке райста инфраструктурон проекттæн бюджетон æфстуæтти фæрæзнитæ – æдеугурæй финддæс æма æртинсæй миллион соми.

## БÆРÆГБОНИ МАДЗÆЛТТÆ

### ЦИТГИЙНАГ НИН ДÆ, АХУРГÆНÆГ, ÆМА ДИН КАДÆ КÆНÆН!..

Берæ къурцдзæвæнтæ си фæууй, фал нæ цæстæ дарæн уæ архайд æма уæ гъомбæладон кустæн хуæздæр фадуæттæ аразунмæ. Мах неке фæнзæн, ес нæмæ нæхе ахуради уагæвæрд æма нæхе скъола. Нæ сабийтæ махæн нæ исонибон æнцæ. Æма син абони сæ зæрдити æма уодти ци байтауæн, уони тиллæг исонибони райсдзинан – хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр. Æма нæ еумæ гъæуй дувæр тухтæй архайун, цæмæй сабийти гъомбæлади æнтæстгин уæн.

Ахургæнгутæн зæрдиаг арфити хæццæ Сергей Меняйло исаккаг кодта хуæрзеугутæ дæр. Майдан «Иристони намусæн» лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи 30-аг астæуккаг скъолай директор **Хъарати Людмилæн**.

«Реубæлдаргæ нисан» ба, Дзæуæгигъæуи скъола «Интеллект»-и директор **Гæлæути Беллæн**, Беслæни еумæйагахурадон скъолай историй ахургæнæг **Гуриати Надеждæн** æма Елхотти берæфадуатгин коллективи директор **Хъайтухъти Григорийæн**.

«Кадгин зундамонæг» иссæй Дур-Дури 2-аг скъолай директори хуæдæййевæг **Цæллати Таисия**.

«Ахуради кадгин косæг»-и ном ба райстонцæ **Къадзати Людмилæ**, **Карсанати Мæхæмæт** æма **Карсанати Розæ**.

* * *

Ахургæнæги Бони фæдбæл ма ци мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ агъазиаудæртæй еу иссæй Мариинаг театри дзæуæгигъæуккаг хайади арæзт æмбурд, кæцими цитгин кодтонцæ нæ республики ахуради къабази архайгутæй уæлдай зингæдæр æнтæстдзийнæдтæй ка фескъуæлхтæй, уони. Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Сергей Меняйло син равардта Кади нисанеуæгтæ. Нæ республики ахуради æскъуæлхт косæги ном аккаггонд кæмæн æрцудæй, етæ 'нцæ: Бичегкути Альбинæ – Чиколай 1-аг скъолай ахургæнæг, Цуцити Аринæ – Змейки 1-аг скъолайæй, Челдити Фатимæ – Црауи астæуккаг скъолайæй, Таисия Белаш – Мæздæги рæвдауæндони сæргълæууæг, Ларисæ Дубинина – Мæздæги 1-аг скъолайæй, Маринæ Кулишкина – Дзæуæгигъæуи 5-аг гимназийæй, Моурати Алан – Аграрон-технологон колледжи директор, Тогъузти Хъазбег – Алагири 5-аг скъолай ахургæнæг æма иннетæ.

## АХСГИАГ ФЕМБÆЛД КРЕМЛИ



# НИСАНТÆ ÆМА РАВГИТÆ

**Уæрæсей Федераций Президент Владимир ПУТИН æма Цæгат Иристони Сæргълæуууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН Мæскуй адтæй косæг фембæлд. Æрдзурдтонцæ регионы социалон-экономикон ирæзтбæл.**

Цæгат Иристони разамонæг арфи дзурдтæ загъта паддзахади сæргълæуууæгæн республикæмæ сæрмагонд цæстдарди туххæй æма ин радзурдта социалон-экономикон ирæзти, уæдта ин раздæри фембæлди хатдзæгтæмæ гæсгæ æ размæ ци нисантæ исæвардта, етæ куд æнхæстгонд æрцудæнцæ, уой туххæй. Уомæй уæлдай ма дзубанди цудæй регион куд агъаз кæнуй сæрмагонд æфсæддон операций гъуддаги, уобæл дæр.

Сергей Меняйло куд загъта, уотемæй промышленнон рауагъдади индекс республики, фари хæццæ рабаргæй, аци анзи авд мæйемæ фæффулдæр æй 10 проценти æма 110 процентей хæццæ Уæрæсей фæндзæймаг бунатмæ рацудæй.

Дзубанди цудæй, сæрмагондæй, гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси туххæй. Цæгат Иристони Сæргълæуууæг куд загъта, уотемæй промышленнон продукци фæффулдæр æй 40 проценти, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, гъæууонхæдзарадон продукций ирæзт æй 2,5 проценти фулдæр, эксплуатацимæ лæвæрд нæуæг цæрæнуæттæ – 1,5 хатти фулдæр. Еумæйаг бюджет дæр исирæзтæй 12,3 проценти.

Фари хæццæ рабаргæй, еугур программити архайдæн ци фæрæзнитæ лæвæрд æрцудæй, уони нимæдзæ фæффулдæр æй 36 миллиард сомей уæнгæ, республикæ еугур паддзахадон программити, уони хæццæ – национ программити ке архайуй, уой фæрци.

Уæрæсей Федераций Президенти фæдзæхститæбæл дзоргæй, Беслæни аци анз кæронмæ фæуууодзæнæнцæ 21 объектебæл куститæ, иннæ анз ба – 24 объектебæл, уæдта социалон-экономикон ирæзти программи фæлгæти 2024 анзи еугур мадзæлттæ дæр конд æрцæудзæнæнцæ.

– Уомæй уæлдай ма, кæд ма дæ зæрдæбæл лæууй, уæд дæ Горæтгæрон æма Мæздæги районтæн агъаз курдтонцæ. Дæ фæдзæхстмæ гæсгæ, Уæрæсей Федераций Хецауадæ уæлæнхасæн программитæмæ бахаста 45 мадзали. Сæ еу хай исæнхæст кæнунæн син æхцай фæрæзнитæ лæвæрд цæуй, фал дæргъвæтийнæ æмгъудмæ – 2028 анзмæ – баханхæ кодта Сергей Меняйло.

Хецæнæй ма Цæгат Иристони Сæргълæуууæг ракурдта Владимир Путинæй, цæмæй еци куститæмæ бафтауонцæ Мæздæги районы зæнхи лæсæнти зонитæ.

– Инсæй анзей размæ конд æрцудæй экспертизæ, фал зæнхи лæсæнти мадзæлттæ фæссабурдæр æнцæ. Нур бабæй нæуæгæй уæхæн экспертизæ исаразтан æма исбæрæг кодтан – зæнхæ лæсуй. Зæгъæн, Минкъий Малгобеки гъæуæн е 'рдæг нæбал æй, фал ма уæддæр еци хæдзæртти цæрунцæ адæм, кæцитæ цæрунæн нæбал бæззунцæ. Уæхæн уавæри æй Предгорныйы гъæу дæр. Еумæ райсгæй, Мæздæги районы уæхæн уавæри æнцæ 147 хæдзари – Минкъий Малгобеки, Предгорныйы æма Хъизлари. Уоми, уæхæн программæ нæййес, уомæ гæсгæ ди кордзæнæн агъаз, уомæн æма еци хæдзæрттæ цæрунæн нæбал бæззунцæ. Æз си адтæн, фембалдтæн цæргути хæццæ, хæдзæрттæбæл æрзилдтæн, сæ уавæр син нæуæгæй исбæлвурд кодтан – адæми уордигæй ракæнун гъæуй. Мах уой туххæй дууæ анзей æмгъудмæ нæхе программæ иснисан кодтан, – загъта Сергей Меняйло.

Республики разамонæг ма радзурдта туризми туххæй арæзт мастер пълан «КАВКАЗ.РФ»-ий туххæй. Хецæнæй радзурдтонцæ федæни курорт «Мамисон»-и æма «Алания парк»-и арæзтади туххæй. Сергей Меняйлой дзубандимæ гæсгæ, «Алания парк»-и нуриуæнгæ цæттæ 'нцæ, æ дæргъæ 1700 метри кæмæн æй, уæхæн лыжитæбæл бурæн трассæ æма къанати над, исæвардонцæ си фæлгæсæн цалх, бауагътонцæ имæ рохс. Республикæ райста 30 миллиард сомемæй фулдæр æнæбюджетон инвеститæ.

Сергей Меняйло фегъосун кодта Уæрæсей Президентæн, республики ци куст цæуй сæрмагонд æфсæддон операцийæн агъази туххæй. Баханхæ кодта, æ райдайæнæй нуриуæнгæ фæдздзурдмæ седтонтæ, бархеуонтæ æма æфсæддонтæй уæззау цæфтæ ка фæцæй, уонæн сциалон паспорттæ арæзт ке 'рцудæй. Абони уæнгæ республики ес 3000 фулдæр социалон паспорттæ, алли бийнонтæмæ дæр федаргонд æй социалон косæг.

Владимир Путин бафæдзахста аци темæмæ хъæбæр лæмбунæг цæстæй кæсун.

– Е махæн хъæбæр ахсгиаг темæ æй – бæсти дæр æма тугъди будури ка 'й, еци лæхъуæнтæн дæр, уомæ гæсгæ, уæ хуарзæнхæй, уæ цæстæ даретæ æма агъаз кæнетæ æфсæддонти бийнонтæн, – баханхæ кодта Уæрæсей Президент.

Паддзахади Сæргълæуууæг ма байхæс кодта уæлдай цæстдард раздахун рæвдауæндæнттæмæ, цæмæй си, ци 'нгъезуй, уомæй фулдæр сабийтæ ма уа. Сергей Меняйло фæббæрæг кодта, республики ке исаразтонцæ рæвдауæндæнтти капиталон æгъдауæй цалцæг кæнуни программæ.

**Фондз æма фондзинсæй анзи 5 октябри исæнхæст æй Хуæнхон Паддзахадон аграрон университети исарæзтбæл. Е иссæй уæхæн гъомусгин уæлдæргæнæндонæ, æма æ рауагъдонтæ æнтæстгинæй фæллойнæ кæнунцæ нæ бæсти хъæбæр берæ рауæнти.**

НÆ ЦАРДИУАГИ ÆДАСДЗИЙНАДÆБÆЛ ГЪÆУАМА ЕУМÆЙАГÆЙ АРХАЙÆН!..




# ТЕРРОРИЗМ ÆМА ЭКСТРЕМИЗМИ НИХМÆ – КАРЗДÆР МАДЗÆЛТТÆ

Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ин разамунд лæвардта, утемæй арæзт æрцудæй республики Терроризми нихмæ къамиси æмбурд. Мадзали архайдтонцæ бунæттон хецауади, барадæгъæуайкæнуйнади оргæнти, ахурадон уагдæнтти минæвæрттæ конференц-бастдзийнади хузи.

Æмбурди архайгутæ æма хунд адæм байгъустонцæ, идеологон терроризми нихмæ косæг специалисттæ ци ахурадон уагдæнтти бундорбæл ахур кæнунцæ, уони минæвæртти докладтæмæ. Дзубанди ма цудæй республики террористон къуæрттæ æма террористтæн агъазгæнгути нихмæ кусти фæстеугутæбæл. Никки ма исбæрæг кодтонцæ уæлæнхасæн мадзæлттæ ахурадон уагдæнттæ террористон тасдзийнадæй багъæуай кæнуни къулумпитæ райеуварс кæнуни туххæй.

Æмбурди куд загътонцæ, уотемæй аци анзи райдайæнæй фæстæмæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки Министрадæ уæлæнхасæн мадзæлттæ аразуй, терроризми нихмæ мадзæлттæбæл дзуапдæттæг ахургæнгути, муниципалон службæгæнгутæ æма психологти цæттæдзийнадæ фæббæрзонддæр кæнунæн. Пълани ес ахуртæ исаразун рагацау деструктивон архайд базонуни тухxæй, семинартæ исаразун психологтæн, цæстдард æма ауодуни специалисттæн, ахурадон уагдæнтти минæвæрттæн. Еци куст цæуй ахурадæ æма науки Министради пъланмæ æма регион терроризми нихмæ къамиси амундтитæмæ гæсгæ.

Къамиси иуонгтæ устур æргом раздахтонцæ террористон къуæрттæ æма террористтæн агъазгæнгути нихмæ кустмæ, уой хæццæ, миграцион фалдзоси дæр.

Еци еудадзуг архайди тухxæй докладтæ искодтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий медгъуддæгути министради экстремизми нихмæ центри хецау **Багати Алан** æма Республикæ Цæгат Иристон-Аланий национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министр **Бæгъиати Алан**. Докладгæнгутæ баханхæ кодтонцæ, еци кусти сæ размæ ци ихæстæ æвæрд ес, уони исæнхæст кæнунæн ке фæййагъаз уодзæнæнцæ нацити ’хсæн бастдзийнæдтæ ниффедар кæнуни мадзæлттæ. Уони тухxæй Бæгъиати Алан куд фæббæрæг кодта, утемæй республики куст цæуй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмти ’хсæн бастдзийнади программи фæлгæти, кæци арæзт æй 2025 анзмæ. Аци документ устур агъаз æй айдагъ адæмихæттити ’хсæн бастдзийнæдтæ фæффедардæр кæнунæн, патриотизм рапарахат кæнунæн нæ, фал ма экстремизми фæззиндтитæмæ дæр цæстæ дарунмæ.

Бæгъиати Алан куд загъта, уотемæй августи министрадæ, æвзурст æрцудæй, æма 2024 анзи Нацити гъуддæгути федералон агентади субсиди райсдзæнæнцæ, уæлдæр ци программи тухxæй загъта, уæдта, субъектти ци Паддзахадон национ стратегибæл цæуй архайд, уони фæлгæти мадзæлттæ аразунæн.

– «Фæлмæн хъаурæ»-йи еу хузæ æй республики хецаудзийнади оргæнти æмгустадæ национ-æхсæнадон еугæндти æма бунæттон динти организацити хæццæ. Еци куст арæзт цæуй, дууердигæй дæр кæрæдзей нимайгæй, – фæннисан кодта Бæгъиати Алан.

Е ма загъта, вазуггинбæл ке нимайуй æнæкоммерцион организацитæн агъаз – айдагъ аци анз си паддзахади ’рдигæй агъаз лæвæрд æрцудæй субсидити хузи дууадæсемæн.

Æмбурди ма дзубанди цудæй, экстремизм æма терроризми нихмæ кусти ахедгæ хотух ке æй ахуради системи архайд, аллихузон рохситауæн, фæлладуадзæн æма æндæр уæхæн мадзæлттæ аразун. Анзи райдайæнæй нурмæ арæзт æрцудæй уæхæн мадзæлттæ 230-æй фулдæр, архайдтонцæ си аст мин адæймагемæй фулдæр.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ** радзурдта, террори нихмæ архайди республики фæзуати ахурадон уагдæнтти ци къулумпитæ ’руагътонцæ, уони райеуварс кæнуни уæлæнхасæн мадзæлттæбæл. Куд загъта, утемæй ахури анзи райдайæнмæ террори нихмæ мадзæлттæ исаразунæн ахурадон уагдæнттæн дехгонд æрцудæй 166 миллион соми. Е равардта фадуат уæлæнхасæн гъæуайкæнуйнади системитæй – видеоцæстдардæй, æнæнцойнæ сигнализацийæй, рохсæй сæ исефтонг кæнунæн.

Æмбурди хатдзæгтæмæ гæсгæ исфедар кодтонцæ æнхæстгæнæн хецауади æма бунæттон хеунаффæйади оргæнти республики фæзуати террористон тасдзийнади нихмæ кусти пълан.

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Еу лæги, дан, æрахæстонцæ æ давун миути тухxæй. Ахæстдонæмæ ’й куд кодтонцæ, утемæй ибæл исæмбалдæй еу цæмæдес лæг æма ’й фæрсуй, уоййасæбæл ци фуд ракодтай, зæгъгæ. Æма ин е дæр æвуд хузи загъта:

– Надбæл цидæр бæнттæн иссирдтон æма ’й рахастон...

Уæд фæрсæг лæг никки хъæбæрдæр ниддестæ ’й:

– Гæрр, лæг надбæл бæнттæн ку иссера, уæд æй уой тухxæй æфхуæрун гъæуй?..

– Бæргæ утæ й, фал еци бæнттæни кæронбæл цидæр баст адтæй, – ниййнæфгæй загъта ахæст лæг.

– Уанæбæрæг ибæл ци дессаг баст адтæй?

– Къамбец, къамбец...

* * *

*Советон Цæдеси фехæлди фæсте еугурадæмон есбонадæбæл ка фæххæлæф кодта, етæ дæр, абони син уой тухxæй ку бауайдзæф кæнунцæ, уæд хъæбæр низзæрдихудтæ унцæ, гъома, уанæбæрæг ци ракодтан, кæд æма цидæр æдзæллаг завод (кенæ – æрзæткъахæн, кенæ – гъæуунхæдзарадон къабазæ, кенæ...) балхæдтон æма си цардгъон кустадæ рауайун кодтон, зæгъгæ. Никки дессаг ба ма е æй, æма нуриккон Уæрæсей закъонтæмæ гæсгæ дæр син фулдæр хæттити нæдæр бафхуæрæн ес, нæдæр си сæ давæггаг мулкитæ байсæн...*



**Андрей МАКАРОВ, Паддзахадон Думи депутат: «Æнæсæрфат миуæ ’й, коррупцимæ фæстæмæ ракæсæ-ракæсæ кæнгæй унаффитæ хæссун…»**

* * *

Æцæгæйдæр, еудадзуг коррупци – коррупци ци кæнæн?.. Цæй, æма коррупционертæ ке хонунцæ, уони, зæгъæн, райдайæн хонун «хуæрзауодгутæ» æма сæ фудгойти бæсти сæ хуарзи койтæй уæлиау кæнæн?.. Сæ фудæй паддзахадæ дæр æма фулдæрæй-фулдæр адæм дæр æгудзæгдзийнæдтæ ке æййафунцæ, уобæл дзорун дæр ниуугадзæн?.. Ка куд æдзæсгондæр æй, цæрунмæ дæр утæ арæхсуй?..



**Александр ТКАЧЕВ, Уæрæсей гъæууон хæдзаради министр ку адтæй (2015-2018 æнзти), уæд утæ загъта: «Нæхе ку рагæрзефтонгдæр кæнæн, уæд нæ бон исуодзæнæй, еци буцæу-фæдздзурдæн ниффæразун æма нæхе уæрæсейаг тæрхæг багъæуай кæнун…»**

* * *

Æ еци сомитæ утид уæлбекъон дзубандитæ ке адтæнцæ, е рабæрæг æй – уæрæсейаг тæрхæгбæл хъæбæр кадавар ке адтæнцæ нæ фидибæстон гъæууон хæдзаради продукци. Раст зæгъгæй, æхе гъуддæгути фæдбæл ба æгæрдæр ма рагæрзефтонгдæр кодта, куд министр, утæ æ равгитæ æма гæнæнтæй – абони нимад æй, Уæрæсей тæккæ фулдæр зæнхитæ кæмæ ес, уæхæн «амалгъонбæл».



**Максим ТОПИЛИН, Паддзахадон Думи депутат: «Куд зонетæ, утемæй махмæ нæййес мæгур пенсиесгутæ. Уомæ гæсгæ ба некæми гъæуй паддзахадæй агъази феддонтæ есун æма нæуæг феддонтæ æвзурун кæнун…»**

* * *

Дессагæн, депутат исуни размæ Уæрæсей фæллойни æма социалон ефтонгади министрæй ку куста, уæддæр æй нæ уидта, цæйбæрцæбæл мæгур æнцæ нæ пенсиесгутæ, уой? Æвæдзи, уой зонун æй гъæугæ дæр нæ кæнуй. Сæйрагдæр ин æй æхе хабар – æ исонибони пенси нури хумæтæг пенсиесгути хузæн 10-15 мин соми нæ уодзæнæй, фал цалдæр хатти фулдæр – куд депутат, утæ ин ци фист цæуй, уомæн æ 55-75 проценти (депутатæй цал анзи фæцæй, уомæ гæсгæ).

Уогæ нур дæр утæ гъæуагæ нæй. Æ мизд æй 400 мин сомей уæнгæ (нæ бæсти рæстæмбес мизди бæрцæй инсæй хатти фулдæр). Мадта æ уоси æфтуйæггæгтæ дæр исунцæ дæсгай миллионтæ. Куд фæззæгъунцæ: «Æфсес æстонги тухст нæ лæдæруй…»

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ТУХСТ АДÆЙМАГБÆЛ «ДÆДÆЙ» ДÆР ФЕДАУЙ!..

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Бон цæуй æма фарнæ хæссуй!..» Бæргæ утæ ку уайдæ, фал царди æцæгдзийнадæ ба уæхæн æй, æма хаттæй-хатт фарни бæсти æрбахæссуй, нæ цард нин



æнадæ ка кæнуй, уæхæн фæззиндтитæ дæр. Уомæ гæсгæ ба адæм берæ цæмæйдæрти тæрсун байдайунцæ. Æма æхсæнадон цæстдард бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон Центри æртасгутæ æрфарст исаразтонцæ, уæрæсейæгтæ уæддæр уæлдай хъæбæрдæр цæмæй тæрсунцæ, фулдæрæй-фулдæр сæ ци тухсун кæнуй. Куд рабæрæг æй, утемæй æрфарсти архайæг адæймæгутæн сæ зингæ хай тæрсунцæ бактеритæ æма вирустæй (æртинсæй анземæй хестæр ка ’й, уонæн сæ 22%, 48-24-анздзудтæн ба сæ 2%). Сæ сувæллæнттæбæл ести фидбилиз æрцæунæй тæрсунцæ 25%, GOVID-и нæуæг фæззиндæй – 20%, террористон фудракæндтитæ ’рцæунæй 18%, раздæр ци æфстуæттæ райстонцæ, уони бафедунгъон нæ исунæй – 11%, æгустæй райзайунæй – 9%, продукттæ æма хуасти нæхъæртондзийнадæ исæвзурунæй – 8%, æрдзон фудбæлæхтæ ’рцæунæй – 7%. Кой ма цудæй, уæрæсейæгтæй кадæртæ цæмæй тæрсунцæ, æндæр уæхæн фæззиндтитæ æма фидбилизти фæдбæл дæр, ка си тæрсуй, уони бæрцæ ба ’й 3-6%.

Советон Цæдеси Бæгъатæр Харламов Иван Степани фурти райгурдбæл 7 октябри æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1908-1972). Æ цардвæндаги хабæрттæ баст æнцæ Цæгат Иристони хæццæ дæр.

***Николай ГОГОЛЬ (1809-1852), русский писатель: «Несчастье умягчает человека; природа его становится тогдаболее чуткой и дступной к пониманию предметов, превосходящих человека, находящегося в обыкновенном и повседневном положении. Чем истины выше, тем нужно быть осторожнее с ними: иначе они вдруг обратятся в общие места, а общим местам уже не верят...»***




# В ПОИСКАХ ДОСТОЙНОГО ОТВЕТА



***Даже в советские времена, когда развитию и пропаганде национальных литератур уделялось огромное внимание, выход книги национального автора в Москве в какой-то из центральных издательств становилось знаковым событием. А ныне, когда эта добрая традиция порушена, издание книги национального автора приобретает куда более весомое значение. Потому можно искренне порадоваться за нашего известного поэта, прозаика, литературного критика, главного редактора журнала «Ираф» Эльбруса Скодтаева в связи с выходом в издательстве «Российский писатель» сборника его прозаических произведений «Шестое чувство». Предисловие к книге написал Николай ДОРОШЕНКО, директор издательства «Российский писатель», заместитель председателя Союза писателей России. Его статью и предлагаем вашему вниманию.***

Проза Эльбруса Скодтаева и непривычна, и необычна. Да и пишет он о том, о чем писать труднее всего: о той неизъяснимой и необъяснимой стороне человеческой жизни, в которой возможное и невозможное, а также реально существующее и недоказуемое не только вечно неразделимы, а и одно без другого одинаково обессмысливаются.

Вот и в его рассказе «Счастье, пришедшее издалека» молодые люди из городишка Градосельска, *«скорее сельского, нежели городского»*, где трамвай является самой важной достопримечательностью, случайно встретившись, обретают настоящую любовь и по причинам воистину чудесным создают семью такую счастливую, каких, наверно, даже и не бывает. И, глядя на них, два самых мудрых горожанина, научными трудами которых все гордились, вынуждены были признать, что уж им-то самим *«ничего особо не удалось ни в семейной жизни, ни в науке»*, потому что *«самая чудесная наука – это любовь, а мы даже рядом с ней не стояли»*.

С другой же стороны, молодые люди стали счастливыми только потому, что, нечаянно встретившись, вдруг доверились своему притяжению друг к другу, и затем уже никакие внешние обстоятельства не помешали им не разлучаться. (*«Казалось, кто-то ставил над ними опыты. Было такое ощущение, будто они в плену чьих-то теплых волн. Их подсознательно что-то единило, тогда как сознание цепенело»*).

И если другими словами сказать, то им уже ничего иного, кроме достигнутого счастья, не желалось.

А вот герою рассказа «Шестое чувство» приходится в диалоге со своим шестым чувством признать, что жизнь его не удалась потому, что он не мог быть *«благодарным»* всему, что уже имел.

Но значит ли это, что половина его жизненного пути оказалась напрасной?

По мысли автора, это нам только кажется, что мы, подобно всем другим живым существам, населяющим нашу биосферу, свои человеческие свойства наследуем с момента рождения, а не приобретаем их в течение всей своей жизни.

*«Твое дело – сомневаться, ставить перед собой вопросы, не находя ответов,* – догадывается герой его рассказа «Шестое чувство», когда в нем это таинственное шестое чувство пробуждается. – *Чем больше в тебе тревоги, беспокойства от этих вопросов, тем ты ближе к цели».*

*«Кто владает в сомнения – тот размышляет. Твои размышления возникли задолго до твоего рождения. В незапамятные времена, через души твоих праотцев и праматерей я их пропустило… В общем-то и родился ты давно, намного раньше своего дня рождения…»*

То есть, не только природная среда, доступная всем нашим пяти органам чувств, полученным от рождения (зрение, слух, осязание, обоняние, ощущение физической боли), является средой нашего обитания. После своего рождения мы, подобно пустому сосуду, погружаемся также и в мир, созданный многими поколениями наших предков (*В начале было Слово!*).

И что для себя из этого, скажем так, мира иллюзорного, в природе не существующего, человек в течение всей своей жизни зачерпнет в себя, из того и будет соткана его душа, то и будет определять смысл и содержание всей его жизни. А что не зачерпнет, то и останется в его душе зиять пустотами.

Но если для кого-то герои древних народных и семейных преданий, а также, например, принадлежащие к времени ушедшему Шекспир и Пушкин – это такая же или даже большая реальность, чем коллеги по работе или соседи по дому, то для кого-то другого реальностью является лишь то, что пригождается для его всего лишь физического выживания.

То есть, получается, что человек, это не просто живое существо, обладающее мышлением, речью, способностью создавать орудия труда и пользоваться ими, а нечто иное, более сложное и значительное. Например, еще философы Древней Греции вслед за Сократом, знающим не только о том, ради чего стоит жить, а и о том, ради чего можно умереть, осуществили поворот от человека, как субъекта природы, к человеку, как субъекту культуры. (Но – это если иметь в виду только историю философии, а уж когда этот ключевой поворот произошел в истории всего человечества, нам неведомо).

И в продолжение этих своих суждений я приведу в качестве цитаты подсказку главному герою рассказа «Шестое чувство» от его шестого чувства, являющуюся в книге Эльбруса Скодтаева ключевой смысловой метафорой:

*«Ты мне принадлежишь, хоть и называешь меня «мое шестое чувство». Только опять не понимаешь, как это: не я – твое, а ты – мой.*

*Говорю тебе в первый и последний раз. Возьми-ка в руки вон тот мелкий камушек, что под ногами. Ты ведь думаешь, что он твой? Захочешь – метнешь его, захочешь – в карман положишь или побьешь двумя другими камнями. Однако, ты в большей степени в его власти, чем этот камушек – в твоей. То есть – ты в моей власти, его тоже я вложило в твои руки: как повелю тебе, так и поступишь…*



*(...) И я старше тебя, намного старше! Я уже существовало миллиарды лет, прежде чем ты появился. В начале сила, сотворившая мир, – мы именуем ее Богом (...)*

*Из чего она себя сотворила – этого ни мне, ни тебе знать не дано. (...) Кроме того, те, кого мы называем ангелами и небесными покровителями, – их Творец создал себе в помощники и обязал их заполнить Вселенную самого разного рода дыханием. Они тоже начали выдыхать, не вдыхая, и небесное пространство заполнилось мириадами шестых чувств.*

*Их столько же, сколько солнечных лучей.*

*(...) То, что ты называешь своим шестым чувством, висело в Наднебесье до тех пор, пока не вошло в твои душу и тело. Когда пришло его время, оно оказалось одето в том наряд, в котором ты его видишь. Если хорошо подумать, ты – моя одежда. А одежда и старится, и изнашивается, и рвется, даже если времени прошло немного...»*

То есть, *шестое чувство* дает нам именно в той мере счастливые или, скажем так, правильные подсказки, в какой мере мы освоили унаследованную нами от наших предков культурную среду нашего обитания.

## ЦИТАТЫ ПО ПОВОДУ

**Из статьи Ларисы ГЕТОЕВОЙ, председателя правления Северо-Осетинской общественной организации любителей книги «Книга-Центр», заслуженного работника культуры нашей республики:**



***Прозаический сборник современного осетинского писателя Эльбруса Скодтаева. «Шестое чувство» – это книга, обращающая на себя внимание благодаря совершенно оригинальному авторскому стилю и нестандартности подачи материала. Глубина мысли и символика образов позволяют отнести произведения самобытного автора к не так часто сегодня встречающемуся жанру философско-психологической прозы.***

***Приятно, когда книга оправдывает ожидания читателя. Она читается неторопливо, потому что заставляет думать. Вместе с тем, как отмечено выше, у книги нет мрачного настроя, она дает хороший интеллектуальный и эмоциональный заряд. Объединяет рассказы рефлективный характер авторского сознания, что еще раз доказывает принадлежность прозы Эльбруса Скодтаева к философско-психологическому жанру.***



Конечно же, сам рассказ «Шестое чувство» заметно отличается от всех прочих скодтаевских блистательных, с точки зрения высокой прозы, повествований. Скорее он напоминает вольтеровские философские, к прозе не имеющие отношения, повести. Однако же, Эльбрус Скодтаев не умеет лукавить. Пожелалось ему сказать о самом для него сокровенном, вот и обнаруживаем мы в его рассказе невольные сходства с вольтеровскими всего лишь условно прозаическими произведениями.

Но именно этот скодтаевский философский трактат позволяет мне, русскому читателю, вспомнить еще и самый древний памятник русской литературы «Слово о Законе и Благодати...» митрополита Иллариона, который, будучи не светским писателем, как Эльбрус Скодтаев, а богословом, под скодтаевским шестым чувством подразумевает ту Благодать, которая позволяет человеку творить добро



для всех других людей и гармонию в сосуществовании с окружающим миром обретать не из страха перед Законом, а по внутреннему побуждению, по велению собственной *благодатной души*.

И если богослов судит о смыслах и тайнах нашей жизни условно, то писатель своих героев – прозревших и не прозревших в их нравственной и духовной слепоте – не судит, он вместе с ними живет, страдает или – ими воодушевляется.

Поскольку эту книгу Эльбруса Скодтаева предваряет также не просто обстоятельная, а и блистательная статья заслуженного работника культуры РСО–Алания Ларисы Гетоевой, то я позволю себе поразмышлять не столько о, безусловно, яркой и таинственной прозе Эльбруса Скодтаева, сколько о нем, как о современном мыслителе.

С этой целью я, например, должен буду обратить внимание на то, что рассказ «Прозрение», повествующий о том, как ребенок в дигорской семье, окруженный материнскими ласками и тревогами, превращается из младенца во взрослого, – заканчивается все-таки весьма важными для автора смысловыми метафорами, вдруг преображающими лирико-исповедальный жанр его рассказа в лирико-философский: «*Иду по линии, которую мне прочертили мои предки между двумя точками – началом и концом – рождением и смертью. Наградили меня судьбой, вовлекли «в слово». Прежде чем увидеть какие-то события, которые еще не произошли, я сталкиваюсь с ними где-нибудь в прошлом. Трудно так жить, но что я могу сделать, – терплю! Я – не знахарь, и уж, тем более, не колдун. Иду, словно река, прокладываю себе русло, но по заранее определенной бороздке, побивая тело об камни и щебень. Болею приятной болью. Много чего испытал, много «смолы пожевал». Но ни о чем не жалею, у меня нет права на сожаления: чему быть, того не миновать, как должно было быть, так сложилось.*

*Вот вам мои чудеса. Мои простые, в то же время необычные чудеса. Бывает ли что-либо чудеснее?! Впрочем, еще большие чудеса ждут впереди…»*

А в контексте этого авторского суждения становится понятным жизненный итог героя рассказа «Знак равенства» Минкина, имеющего в домашнем хозяйстве вместе с женой Бураон Туасой единственную курицу-кормилицу, которая была *«от черных когтей до самого красного гребешка исконно (...) дигорской»* и потому *«не несла золотых яиц»*. По настойчивому наущению супруги слабовольный и безобидный Минкин вынуждает своих односельчан, ранее уважения к нему не проявлявших, вдруг его устрашиться. И только из страха они избирают Минкина *«главой села»*. Минкин же, превращенный в обездушенный проект собственной жены, сначала даже и возгордился, однако же, затем *«стал совсем странным и оставил свою работу»*. И, наконец, взяв под мышку *«курицу Райсу, он в старой одежде отправился в неопределенном направлении»*.

То есть, если у Льва Толстого плененный французами Пьер Безухов в романе «Война и мир» патетически восклицает: «Не пустил меня солдат. Поймали меня, заперли меня. ...Меня – мою бессмертную душу! Ха, ха, ха!.. Ха, ха, ха!..», – то у Эльбруса Скодтаева Минкин, даже и не понимая, что его душа тоже *бессмертна*, вдруг просто ушел в никому не известном направлении вслед за своей все-таки *бессмертной душой*.

Меня не удивило то, что Эльбрус Скодтаев не стал расставаться со своим героем Минкином и его курицей Райсой и к сюжету своего рассказа о них вдруг вернулся в блистательном драматургическом произведении «Хаос или Курицы разрушенная печень». Все-таки появилось у него желание придать этому, конечно же, драгоценному сюжету уже более фольклорный характер. И это позволило ему и своих героев, и само развитие сюжета подчинить мелодике того воистину народного действа, которое читателем может восприниматься лишь как стихийное или, если воспользоваться определением Бахтина, как «карнавальное». И только по прочтении всего текста отдаешь себе отчет в том, сколь все-таки строго все действия этой драмы структурированы и авторскому замыслу подчинены.




**В Москве в Союзе писателей России состоялась презентация книги Эльбруса СКОДТАЕВА «Шестое чувство». В церемонии приняли участие известные российские писатели, представители северокавказских общин. На этом снимке запечатлены участники презентации. Так, в первом ряду сидят (слева направо) Лариса ГЕТОЕВА, представитель руководства осетинской диаспоры в Москве Тамерлан ХОДОВ, Эльбрус СКОДТАЕВ, Николай ДОРОШЕНКО, известный скульптор Владимир СОСКИЕВ и др.**

Народная сказочность, не мистическая, а антропоморфная или, если сказать точнее, когнитивная, позволяет Эльбрусу Скодтаеву во многих своих произведениях создавать ту реальность, которая мною, его читателем, воспринимается даже более реальной, чем та, что подразумевается под реализмом как художественным методом. Разговариваем же мы при всех своих высших образованиях не только с домашними котами и собаками, а даже и со цветами на своих подоконниках, когда поливаем их. Вот и Минкин у Эльбруса Скодтаева вступает в беседы с курицей, как с себе подобной. И вообще, для героев этой книги такие разговоры – не условно выраженные их некие мимолетные чувства, а сама нравственная атмосфера их жизни.

Опять же, читая Скодтаева, можно невольно вспомнить еще и о Гоголе. Не только по причине того, что, например, в скодтаевским рассказе «Колючка, Пчела и Носатый» у одного из героев с носом происходят почти такие же чудеса, как и в известной гоголевской повести, а по внутренней свободе скодтаевского художественного зрения. Вот цитата из отвечающей духу нашего времени и вполне реалистической повести «Любовь в невесомости или сила притяжения зла»: *«Не успел я дойти до цели, как мимо меня, со свистом рассекая воздух, пролетело нечто немыслимое – громадный гибрид самолета и поезда с бесчисленными крылатыми вагонами. Этот стальной монстр пронесся так стремительно, что мой наметанный глаз не смог отсканировать его размеры»*.

Не обойдусь без упоминания о Гоголе также и при определении характера скодтаевского художественного мышления. Например, если Гоголю в желании поделиться своими размышлениями пришлось менять свой волшебный прозаический жанр на публицистику «Избранных мест из переписки с друзьями» и – даже сжечь второй том своих изумительных «Мертвых душ», который диктату мысли его не подчинился, то Эльбрус Скодтаев сочетает свой дар мыслителя и художника вполне органично.

Или, например, если в Гоголе современные ему славянофилы видели русского Гомера, а Белинский вполне справедливо утверждал, что *«У Гоголя не было предшественников в русской литературе, не было (и не могло быть) образцов в иностранных литературах»*, то в книге «Шестое чувство» я ощущаю то трагическое предчувствие цивилизационной катастрофы, которое проявляется, у каждого по-своему, у многих современных авторов: от отечественного Сергея Лукьяненко до зарубежных Стивена Кинга, Уолтера М. Миллера, Линора Горалика и многих других.

И еще для меня драгоценно то, что в замечательном рассказе «Дом Дружбы» у Эльбруса Скодтаева все-таки звучит вот этот более чем тревожный вопрос: *«Язык наш разве кому-нибудь нужен?»* Ведь под нынешним тотальным влиянием общемировых стандартов уже почти вся мировая литература утрачивает свое многообразие и предъявляет опыт условный вместо национального и потому живого, веками собираемого и уточняемого в процессах развития социального, нравственного и духовного.

То есть, Эльбрус Скодтаев вполне отдает себе отчет в том, что без своего родного дигорского слова не смог бы он столь живописно, столь по-человечески глубоко и достоверно изобразить героев своей прозы. Только национальный, впитанный, что называется, с молоком матери, язык может дать писателю возможность в своих художественных текстах во всей полноте передать таящиеся в корневой основе слов так же и их глубинные нравственные смыслы.

Художественное слово у писателя, это и средство самовыражения (Флобер: «Мадам Бовари – это я»), и «зеркало» для отражения эпохи с ее социальными или личностными проблемами. А Эльбрус Скодтаев в ряду других крупнейших современных писателей ставит перед собою задачу найти собственный ответ на все те вызовы, которые сегодня направлены против человека традиционного (сократического), с его жизнетворной моралью и верой в свое все-таки высокое предназначение. Столь же органично эта задача проявляется и в стихах Эльбруса Скодтаева, являющегося еще и весьма значительным не только дигорским, а и нашим общероссийским поэтом:

*– Для чего в превратностях судьбы*
*Нет ключей от тайны и секрета?*
*– Для того чтоб мы разбили лбы*
*В поисках достойного ответа.*



*В оформлении полос использованы скульптуры Владимира Соскиева, кстати, односельчанина Эльбруса Скодтаева.*

*Михаил КАЛИНИН цардбæллондзийнади туххæй уотæ дзурдта: «Еугур рæстæгути дæр æма фæлтæрти дæр кæстæртæн æзвæдон адтæй бæлдити æма зин бауæндæн æримисуйнæгти рахасти ун. Æма е аййеп нæ, фал хъазар келбетдзийнадæ ’й. Еунæг архайагæ æма хуæрзуагонæй гъудигæнæг адæймаги бон дæр нæй æнæ еци менеуæгæй æ царди гъуддæгутæ рæстмæ исаразун...»*





# ЗÆРДИРАЙÆЙ ИМИСУН ЕЦИ ФЕМБÆЛДТИТÆ...



**МАМСУРАТИ Хаджи-Умар,**
**(1903-1968)**
**инæлар-болкъон, Советон Цæдеси Бæгъатæр**

Валодяй хæццæ ма нæ туканмæ бахъæртунмæ минкъий ку гъудæй, уæд донибили ’рдигæй æрбайгъустæй гæрæхтæ. Еци дзамани адæммæ тохæндзаумау парахаттæй ке адтæй, уомæ гæсгæ ба гæрæхтæ кæд ахид райгъусиуонцæ, уæддæр нæмæ еци гæрæхтæ ба цидæр тæссаг фæккастæнцæ æма нæ дууæ дæр нæ медбунати сагъдæй райзадан... Загътан: «Чопа цидæр кодта...» Уайтæккæдæр донибили ’рдæмæ ратагъд кодтан. Бахъæрттан талингæй... Уоми ба... Уæззау цæфæй баййафтан Чопи...

– Ци ’рцудæй, ка дæ фехста? – еци катайæй æй рафарстон.

Чопи цидæр зæгъун фæндадтæй, фал не ’сфæразта. Æ къох уæлæмæ исиста, е ’нгулдзæбæл дæндагæй фæххуæстæй, æ сæр мæ реубæл æруагъта æма мин еу къохæй рахъури кодта. Уæдмæ иннæ адæм дæр (уони хæццæ Дзгойти Дзиццил цирæгъти хæццæ) гæрæхти гъæрмæ æрбахъæрттæнцæ. Уæззау цæф Чопа æнæдзоргæй мæ къохти рамардæй... Æгъдаумæ гæсгæ мард æрæмбæрзунæн кадæр нимæт æрбахаста.

Цирæгъти рохсмæ æз Чопи реубæл иссирдтон нæмгутæ (уонæй еу – рæмодзгæ нæмуг), ме ’рвадæ уонæй фæцæй æртæ уæхæн цæфи. Минкъий идарддæр лæудтæй, Чопа донибилæмæ кæбæл æрбацудæй, æ еци бæх. Бæлвурд адтæй, Чопайæй кадæр æ тог ке райста, е. Тог райсуни фæдбæл ке рамариуонцæ, еци адæймагæй, æгъдаумæ гæсгæ, тохæндзаумауæй фæстæмæ есун неци æнгъизтæй, æма хонхи, будури, кенæ гъæди мард ку иссериуонцæ, уæд уайтæккæ дæр бæрæг уидæ, адæймаг цæй амæттаг бацæй, е. Адæм кæрæдземæй тог ахид ке истонцæ, уомæ гæсгæ Советон хецаудзийнади знæгтæ, рагон æгъдауæй парахаттæй пайда кæнгæй, партион, фæскомцæдесон æма советон косгутæй берети сосæггай мардтонцæ. Мæ фиди ’нсувæри биццеу Ольгинскийи фæскомцæдесон организаций фиццаг секретартæй еу, дзурдарæхст адæймаг æма фæсевæди фæтæг Мамсурати Чопа маргути амæттаг фæцæй.

Мæ хæлæрттæ Зак æма Карнач дæр фидбилизи бунатмæ фæззиндтæнцæ. Минкъий раздæр дæр ма сæ хæццæ игъæлдзæгæй ка дзубанди кодта цирагъи рохсмæ, еци Чопи мард зæнхæбæл ку рауидтонцæ, уæд никкудтæнцæ. Талингæ æхсæви, цæугæдони гъæр æма адæми кæунæй адæймаги зæрдæ унгæг кодта. Федар адæймаг Дзгойти Дзиццил дæр Чопи мардбæл искудтæй.

Мамсурати Чопи адзали туххæй æз дзæгъæли нæ радзурдтон. Чопа æма иннетæ мин куд радзурдтонцæ, уотемæй Михаил Калинин, 1923 анзи Ольгинскиймæ æрбацæугæй, Чопи фæскомцæдесон гъуддæгути туххæй лæмбунæг фæффарста, уæдта ин сæ идарддæри кусти фæдбæл берæ аллихузон унаффитæ ракодта, берæ цидæртæ ин бафæдзахста. Фæстæдæр мин Чопа ахид дзоридæ, Ленини хуарз зонгæ, «Санай хонхи асæ зунди хецау» Калинини хæццæ куд дзубанди кодта, уой. Еци хабæртти кой ахид ракæнидæ адæмæн дæр.

Мæхуæдæг уой фæсте, 1928 анзи Калинини хæццæ ахид ку æмбалдтæн, уæд еу хатт е æ дзубандий æримиста, 1923 анзи Ольгинскийи æма Базоркиной косæг балций уогæй, «дессаги фæскомцæдесон раздзæуæг» Мамсури-фурти хæццæ куд фембалдæй, уой, æма мæ Чопабæл бафарста. Æверхъау хабар базонгæй, Михаил Ивани фурт лæхъуæни зианбæл хъæбæр бахъонц кодта...

Михаил Калинини хæццæ мæ иннæ фембæлд ба рауадæй мæнæ ауæхæн уавæрти. Цæветтонгæ, 1928 анзи августи, Махачкалай хецæн Дагестайнаг бæхгин дивизиони æфсæддон комиссари бунат ку ахæстон, уæд мæмæ еууæхæни æфсæддон зилди командæгæнæг И. Белов æма зилди Революцион æфсæддон совети иуонг С.Кожевников фæдздзурдтонцæ æма мин бафæдзахстонцæ æфсæддон хаййи хецæн эскадрон рамбурд кæнун æма Гуниби федармæ бахъæртун, уоми æрбунат кæнун, еугур гъæугæ фадуæттæ дæр исаразун, цæмæй имæ, уæд уоми хуæнхти ци минкъий бандитæ адтæй, сæ фулдæр уголовон фудгæнгутæй арæзт, уони сæркъуæрти къуæрттæн байервæзуни мадзал æгириддæр куд нæ уа, уотæ. Гуниб, æвæдзи ’й зондзинайтæ, уомæй игъустгонд æй, æма æ дзамани хуæнхæгти игъустгонд фæтæг Шамиль уруссаг æфсæдтæн æхе ами равардта... Æма нин куд балæдæрун кодтонцæ, уотемæй еци номдзуд Гунибмæ æ фæллад уадзунмæ гъæуама иссудайдæ ССР Цæдеси Центрон Æнхæстгæнæг Комитети Сæрдар М.И. Калинин.

Бардзурдмæ гæсгæ мæ ихæс адтæй еудадзугдæр, кумæдæриддæр цæуа, аллирауæн дæр æ хæццæ æмдзо кæнун æма ’й фидбилизæй багъæуай кæнун. Уомæй уæлдай ма мин бабарæ кодтонцæ, Михаил Ивани фуртæн ци хуæруйнæгтæ цæттæ кодтайуонцæ, уони сæйраг политуправлений косæг æмбал Волкови хæццæ еумæ рагацау исахуадун. Райдайæни æз ме ’фсæддон бæрнондзийнадæ æнхæстæй кæд нæ лæдæрдтæн, уæддæр инструкцитæ лæмбунæг æнхæст кодтон.

Калинин æма, æ хæццæ ма ци цалдæр адæймаги иссудæй, етæ Гуниби цардæнцæ Дагестани АССР-и ССР Цæдеси Центрон Æнхæстгæнæг Комитети иуонг Магомет Нахибашеви агъазиау райдзаст хæдзари.

Аллибон дæр Михаил Ивани фурт рацæуидæ хæдзарæмæ хæстæг фæзæмæ, ами сурхæфсæддонти хæццæ хумæтæги уагæй дзубанди кодта, еуæй-еу хатт, æ фарсмæ лæугæй, мæтæ кодтон, цæмæй æй оцани бæхтæй маке бахъор кæна, уобæл.

Михаил Ивани фурт алли бон дæр сæхат æма æрдæг кенæ дууæ сахаттей дæргъи тезгъо кодта, уой фæсте ба сехуар ку искæнидæ, уæд финсуни кустмæ бавналидæ. Фæссехуар бæрнон бунат ахæссæг адæймаг изæри уæнгæ нæуæгæй тезгъо кæнунмæ цудæй (æз еудадзуг дууæ-æртæ сурхæфсæддоней хæццæ æ хæццæ æмдзо кодтон), æма уотемæй аллибон дæр цалдæр сахатти Калинини хæццæ æрвистон, дзубанди кодтан. Еуæй-еу хатт нæ хæццæ рацæуидæ Мæскуйæй, Ростовæй, Тифлисæй кенæ Бакуйæй Калинини бабæрæг кæнунмæ æрбацæуæг адæймæгутæй еске, еуæй-еу хатт ба, Калинини æма мах къартæ аллихузон уавæрти ка иста, уæхæн хузесæг (мæнмæ си ци цалдæр къари адтæй, етæ, гъулæггагæн, фесавдæнцæ). Тезгъой рæстæги мæмæ Калинин алли хатт дæр лæвардта, еу инней ка нæ фæлхат кодта æма æз æнæхийнæ дзуæппитæ кæмæн лæвардтон, уæхæн фарстатæ. Хецауеуæггæнæг адæймаг игъуста æма мæ дзоргæ-дзорун некæд къулумпи кодта. Михаил Ивани фурт мæмæ ахиддæр фарстатæ лæвардта нæ партий историй, социализми арæзтади æма марксизм-ленинизми теорий туххæй. Уæлдайдæр мæ зæрдæбæл бадардтон, Калинин мæмæ цалдæр хатти ке равардта, еци фарста: «Дæумæ гæсгæ, социализми æма коммунизми арæзтадæ гъæуи куд цæудзæнæй?..» Æ фарстайæн ци дзуæппитæ раттинæ, етæ, мæнмæ гæсгæ, æ зæрдæмæ нæ фæццудæнцæ. Амунд фарстайæн кæрæдземæй хецæнгæнæг дзуæппитæ ратгæй, æз уоййасæбæл устур бунат ахæссæг адæймагæй фиццаг хатт фегъустон, коллективон хæдзарæдтæ зæнхкосгутæн социализм исаразунæн ке фæййагъаз уодзæнæнцæ, уæхæн хабар. Калинин мин Ленини кооперативон пълани туххæй берæ хæттити дзурдта. Ахид Михаил Ивани фурт мæ хæццæ цудæй сурхæфсæддонтæмæ æма сæ хæццæ аллихузон гъуддæгутæбæл дæргъвæтийнæ дзубанди кодта. Зин фарстатæй Калинин æхе некæд тиллеф кодта.

Гуниби ци рæстæг рарвистан, уой дæргъ-



**Кæрон.**
**Райдайæн 37-аг номери.**

**Номдзуд уруссаг финсæг Александр Сергейи фурт Грибоедов (1795-1829) æ балций рæстæг 1818 анзи 10 октябри фиццаг хатт бабæрæг кодта Цæгат Иристон. Уой туххæй финста æ уадзимистæй еуеми.**

ци Михаил Ивани фурт нæ хæццæ æ дзубандити уæлдай устурдæр æргом æздахта гъомбæладон фарстатæмæ. Аци бæрзонд хецауеуæггæнæг адæймаг мин Ленини, Бабушкини, Дубровскийи, Свердлов æма æндæр революционерти цардæй дæнцæн медесгун хабæрттæ ракæнидæ. Мæ фиди ’нсувæр Мамсурати Сахангерийæн Калинин кодта устур кадæ æма ’й нимадта, ахид исæмбæлæн кæбæл нæййес, уæхæн кæдзосзæрдæ фæнзуйнаг большевиктæй еуебæл. Зæгъун гъæуй уой, æма тезгъой рæстæг Михаил Ивани фурти гъæуай кæнунмæ мæ хæццæ ке ракæнинæ, уонæй еу адтæй дивизиони партбюрой секретарь, дессаги коммунист Ислам Исламови (авайраг) дæр. Нæ дзубандий ахид архайдта. Фæстæдæр аци адæймаги исæвардтонцæ Дагестани агъазиаудæр колхозтæй еуей сæрдарæй. Гунибаг балцийæй цалдæр анзей фæсте нæ дзубандий рæстæг Исламов мин загъта, Калинини хæццæ фембæлдтитæ ин политикон фарстатæ хуæздæр лæдæрунæн зингæ ке фæййагъаз æнцæ, уой.

Нæ паддзахади разамунди уæлдай ахсгиагдæр ихæслæвæрдтæ исæнхæст кæнуни тухххæй ке фескъуæлхтæн, уой тухххæй мин исаккаг кодтонцæ Ленини æма Сурх Турусай ордентæ, æма мин уони 1937 анзи кæрони Кремли арæзт æмбурди рæстæг ку лæвардтонцæ, уæд бабæй мин фæцæй, устур кадæ кæмæн кодтон, цитгин Ленини еци æмтохгæнгутæй еуей хæццæ нæуæгæй радзубанди кæнуни фадуат.

Уой размæ,1931 анзи майи Ленинградi æфсæддон-политикон академи каст фæууни фæдбæл нин Кремли Георгион зали кадгин æмбурд ку исаразтонцæ æма нин æмбурди фæсте бæркадгин фингæ ку æрæвардтонцæ, уæд мин Михаил Ивани фуртæн хæстæгмæ салам раттуни фадуат нæ адтæй. Фингæбæл æрбадуни рæстæг мæ нæ къурси хецау Кузьмин цæмæдæр гæсгæ æ фарсмæ æрбадун кодта, мæ тæккæ бакомкоммæ ба бадтæй Сурх Æфсади Генералон штаби хецау, Советон Цæдеси федæни Маршæл М.Н. Тухачевский (æз æй уæд комкоммæ фиццаг хатт фæууидтон). Кузьмин мæ Генштаби хецауæн байамудта æма ин мæн тухххæй цубурæй радзурдта. Тухачевский Кузьминмæ лæмбунæг байгъуста æма, мæнмæ æ хъоппæгъ цæститæй никкæсгæй, загъта, хуæнхаг адæми (уæлдайдæр ба – ирæнтти) хуарз ке зонуй, Фиццаг дуйнеуон тугъди дзамани ин бæгъатæр, æнæхийнæ ирæнтти ’хсæн берæ лимæнтæ ке адтæй, уой, уæдта мæ, цалдæр игъустгонд ирон муггаги ранимайгæй, бафарста, зонун сæ æви нæ, уомæй. Æз ин, нæ сæ зонун, зæгъгæ, загътон, уомæн æма сæ æцæгæйдæр нæ зудтон. Аци æхсаргин адæмæй æфсæддон кадртæ цæттæ кæнун гъæуй, зæгъгæ, идарддæр уотæ дзоргæй, Тухачевский æ дзубандимæ ма бафтудта, мæнæн хъæбæр гъулæг ка фæцæй, уæхæн загъд: «Правда, насчет ума и абстрактного мышления у них нездорово, но им оно и вредно, не нужна командиру философия, он должен быть храбрым и уметь воевать, остальное ему не нужно...» Тухачевскийæн æз кæд устур кадæ кодтон, уæддæр, æ еци загъд куд равдиста, уотемæй æй нимайун, марксистон-ленинон зундирахастдзийнадæ æнхæстæй лæдæруни къæпхæнмæ ка не ’схизтæй, уæхæн адæймагбæл.

Нур ба ма 1937 анзи кæрони æрцæуæг цаути тухххæй зæгъон бæлвурддæр. Ордентæ нин лæвардта М.И. Калинин. Æмбурди архайдтонцæ бæсти берæ нæуæг разамонгутæ. Мæ фарсмæ бадæг адæмæй æз цалдæрей бæсти Хецауади нæуæг иуонгти тухххæй бафарстон, фал сæ етæ дæр нæ зудтонцæ. Хуæрзеугутæ кæмæн лæвардтонцæ, еци адæм кæд сæ равги адтæнцæ, уæддæр бæрæг адтæй, хецауади иуонгтæ æнæбари цийнæдзийнадæ равдесунмæ ке гъавтонцæ, е. Ронбæгъд уагæхуæст æвдесгæй, Михаил Ивани фурти загъдмæ дзæгъæли дзурдгæлдзæн ка кодта æма фæстæдæр цубур рæстæг Хецауади иуонги бунат ка ахæста, уой зæрдæмæ уæлдайдæр ба еци адæймаг нæ фæццудæй.

Мæ кезу ку æрхъæрттæй æма мин мæ муггаг ку бакастæнцæ, уæд æз мæ бунатæй исистадтæн æма Калинини размæ бацудтæн. Михаил Ивани фурт мæ базудта æма мин зæрдиаг арфи хæццæ ордентæ равардта. Æз ин, «Служу Советскому Союзу!» – зæгъгæ, дзуапп равардтон, уæдта разилдтæн æма мæ бунат æрахæстон.

Хуæрзеугутæ радтуни фæсте нин минкъий фингæ æрæвардтонцæ. Фингæбæл бадæг еугур адæмæн арфæ ракæнгæй, сæрмагондæй мæнмæ е ’ргом раздахгæй æма мæ еугур советон адæми намусгин бæдолæ исхонгæй, Калинин загъта:

– Иристони дзиллæмæ ес дессаги коммунист, æмбал Мамсури-фуртæй сæрустур уни барæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, паддзахади разамонгутæй еу мин уæхæн устур аргъ ке кæнуй, е мин æхцæуæн адтæй, æма, Михаил Ивани фуртмæ игъосгæй, æз мæхецæн ард бахуардтон советон адæмæн уодуæлдайæй лæггадæ ке кæндзæнæн, уомæй.

Рацудæй рæстæг, æма 1940 анзи апърели нæ бæсти разамунди уæлдай ахсгиагдæр ихæслæвæрдтæ исæнхæст кæнуни гъуддаги ке фескъуæлхтæн, уой тухххæй мин Кремли бабæй лæвардтонцæ еума паддзахадон хуæрзеуæг – Сурх Турусай орден. Хуæрзеугутæ ма ка иста, еци адæм берæ адтæнцæ. Ордентæ нин лæвардта Калинин. Михаил Ивани фуртмæ хуæрзеуæг есунмæ ку бацудтæн, уæд мæ е базудта, мæ номæй мæмæ исдзурдта æма, уомæй размæ куд адтæй, уотæ бабæй мин нæуæгæй райарфæ кодта. Еци бон æз Калинини хæццæ фембалдтæн фæстаг хатт.

Хуæрзеугутæ раттуни фæсте Михаил Ивани фурт нæ рæзти залæй ку рацæйцудæй, уæд ин мах къохæмдзæгъд кодтан. Мæ рæзти фæцæйцæугæй (æз фиццаг рæнгъи лæудтæн), Калинин мæ фарсмæ æрбалæудтæй, бакастæй мæмæ, загъта мин «до свидания», æ сæрæй мин æркувта æма рандæй. 1943 анзи ноябри мæ Суворови орденæй ку исхуарзæнхгин кодтонцæ, уæд мæмæ М.И. Калинини къохæвæрди хæццæ æрбацудæй, бæгъатæрдзийнади тухххæй хуæрзеуæги фæдбæл арфи финстæг.

Коммунистон партий игъустгонд иуонг, цитгин Ленини еузæрдиуон æмтохгæнæг Михаил Ивани фурт Калинини хæццæ фембæлдтитæ мæбæл хуæрзæрдæмæ уагæй ке исахедудтонцæ, уомæй æз сæрустур дæн.

* * *

*Мамсурати Хаджи-Умар æхуæдæг куд байамудта, уотемæй æ имисуйнæгтæ ниффинста 1967 анзи 1-10 январи. Æма сæ абони мухур кæнæн, Михаил Калинин 1924 анзи Цæгат Иристони балций ку адтæй, уæди рæстæги ист къарти хæццæ.*

ЕВГЪУД РÆСТÆГУТИ ÆВДЕСÆНДАРТÆ



## НÆ АРАХЪ ИУАЗÆГИ ЗÆРДÆМÆ ДÆР ФÆЦЦУДÆЙ!..

**Сауæнгæ недзамантæй фæстæмæ дæр нæ адæми цардиуаги фæткитæй еу адтæй арахъ уадзун. Уой дæр мулкитæ бакосунæн нæ, фал хе багъæуаги, уæлдайдæр ба иуазæги фæххинцунæн. Еци хецæндзийнадæ хецаудзийнадæмæ – алли рæстæгути дæр!..– нимади дæр нæ адтæй æма арахъ уадзун нæ уагътонцæ, карзæй æфхуардтонцæ адæми. Уогæ сæ уомæй некæд неке бауорæдта.**

**Арахъ уадзуни нихмæ адтæй советон хецаудзийнадæ дæр. Уомæй ци рауадæй, уой тухххæй радзоруйнаг ан еу хабар. Цæветтонгæ, Михаил Калинин Цæгат Иристони ку адтæй, уæд ци рауæнтæ бабæрæг кодта, уонæй æй алкæмидæр хъæбæр цитгинæй исиуазæг кæниуонцæ, бæрæгбони фингитæ дæр си уидæ. Æма еу рауæн ци фингæ исрæвдзæ кодтонцæ, уоми хестæртæ арахъ ниввæрун нæ бауагътонцæ. Тæрсгæ кодтонцæ, зæгъгæ, уомæ гæсгæ нæ – сæ нет, куд рабæрæг æй, уотемæй хийнæйдзагдæр адтæй. Цæветтонгæ, фингæ æ тæккæ идзаг адтæй аллихузон хуæруйнæгтæй, еугурæйдæр иуазæги зæрдæмæ, уæлдайдæр ба къудурфунх фид æма нартихуари кæрдзин, хъæбæр адгинæй си ахуста. Фал еу гъуддагæй батухстæй, фингæбæл айдагъдæр сор хуæруйнæгтæй æндæр раниуазуйнаг ба ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ ин комидзаг нихъуæрун исзин æй. Цанæбæрæг фæббухстайдæ, фал уæддæр ракурдта раниуазунæн ести. Æма ин уæд рахастонцæ нæхемæ арахъ. Ку си раниуазта, уæд ин хуæрун дæр зингæ фенцондæр æй... Æма ин уæд кувди хестæр, сæдæанздзуд зæронд лæг загъта:**

**– Уинис, Калинин, цæйбæрцæбæл пайдайаг ниуæзтæ ’й нæ арахъ... Сумах ба нин нæ уадзетæ нæ адæмон ниуæзтæй пайда кæнун...**

**Калинин балæдæрдтæй хестæри уайдзæф, æма уоййадæбæл Иристони адæм хъоргонд нæбал цудæнцæ арахъ уадзунæй. Уой фæдбæл Калинини хъæппæресæй 1933 анзи ба хаст æрцудæй сæрмагонд унаффæ.**

РЕДАКЦИОН ФÆСДЗУРД

## КАЛИНИНÆН ДÆР БАНИМАДТОНЦÆ ФÆЛЛОЙНИБОН...

Никки ба ма æримисуйнаг ан, Михаил Калинин Цæгат Иристони балций ку адтæй, уæди хабæрттæй кæцидæрти.

Уæд Михаил Калинини хъæбæр исцитгин кодтонцæ – ци рауæнтæ бабæрæг кодта, уонæми ’й алкæмидæр зæрдиагæй исиуазæг кæниуонцæ. Æма ин Фарнигъæуи ци кувд исаразтонцæ, уоми ецирдигон колхози сæрдар Губиати Ислам еууæхæни хестæртæй хатир ракурдта æма фегъосун кодта: уотæ æма уотæ, колхози правлений фæндæй Михаил Калининæн æ балæггади тухххæй финсæн еу фæллойнæбон. Адæм исистадæнцæ æма бабæй исаразтонцæ æрдзæф.

Уæдмæ дин гъæугæронæй ку ’рбазиннидæ силгоймæгти къуар. Тæмæнтæ калунцæ сæ дарæстæй æма сæ цийнæйдзаг цæсгæнттæй. Адæм сæмæ кæсунцæ æма кæрæдзей фæрсунцæ:

– Ка ’нцæ?.. Ци æримистонцæ, ци сæ зæрди ес?..

Рацæй-рабон æй æма етæ ба разиндтæнцæ фæстедзаутæ. Сæ гъæуккаг кизгуттæ. Се ’рбацуди нисанеуæг ба раргом кодта сæ къуари хестæр. Размæ рацæугæй æма Калинини размæ ’рлæугæй загъта:

– Иуазæгæн лæвар ракæнун ирон адæмæн фидтæлтæй байзадæй. Æма ’й мах дæр абони гъæуама исæнхæст кæнæн. Нæ лæварбæл нин банвæрсæ, Михаил Калинин, уомæн æма зæрдиаг лæвар æй, табуафси.

Æма кизгуттæ ’рбахастонцæ цохъа æд бæрцитæ, хъæма æд ронæ, бухарходæ, æгънæггин хæдонæ, нимæт, баслæхъ, æрттевагæ фæлмæн цулухътæ. Адæми цийнæн ма кæрон кæми адтæй! Устур арфитæ фæккодта Михаил. Куд æй балæдæрдтан, уотемæй уæддæр бабæй æ хуæздæр бæлдæ адтæй адæмти æнсувæрон лимæндзийнадæ æма æмцæдесон фæллойнæ. Гæнæн ку адтайдæ, уæд, æвæдзи, адæми еугурейдæр æ хъури æрбакодтайдæ. Уогæ еугур дзиллæ дæр ибæл уотæ райахур æнцæ, уотæ хæстæг æй æрбайстонцæ сæ зæрдитæмæ, раст цума æ сабийбонтæй фæстæмæ се ’хсæн фæццардæй.

Фæндуй уæ, æвæдзи, базонун уой дæр, æма фарнигъæуккаг колхозонтæ Калининæн ци фæллойнибон банимадтонцæ, уомæн ци аргъгонд æрцудæй.

Фæззæги колхозонтæ банимадтонцæ сæ кусти фæдбæл се ’фтуйæггæгтæ. Еу фæллойнибон сæмæ ислæудтæй: цуппæрдæс килограмми нартихуар, мæнæуæ – æртæ килограмми, картоф – æртæ пути, цихти кили цуппæрæймаг хай, фидигъзæл дæр уойбæрцæ, халсартæ – æртæ кили, цъопп ба – фулдæр. Уони цуппаремæй – Цъæхилти Хату, Дауиати Олинка, Цорæти Цимурзæ æма колхози сæрдар Губиати Ислам фæлластонцæ Мæскумæ, Михаил Калининæн.

Фарнигъæуи цæргутæ кæд æма хъæбæр цитгинæй исæгъдау кодтонцæ сæ кадгин иуазæгæн, уæддæр цидæр æфсæрмихузæй дзориуонцæ: «Ка ’й зонуй, куд æнгъизтæй, уоййасæбæл фагæ кæд нæ исбоц кодтан, уæддæр ин нæ зæрдæ рæстуодæй ци загъта, е ’рцудæй – кадæ æма радæй фæццардæй æ зæруамæ…» Уомæ гæсгæ ин Цæгат Иристони нерæнгæ дæр ма кадæгонд цæуй, зæгъæн, Мæздæги район еу гъæу хуннæй Калининский, Дзæуæгигъæуи дæр æма ма нæ республики берæ цæрæн рауæнти ес æ номбæл гъæунгтæ, колхозтæ ма нæмæ ку адтæй, уæд си уонæй кæцидæртæ хастонцæ уой ном.

Финддæс æма фондзинсæй анзей размæ (1908 анзи 14 октябри) пусулмон бæрæгбон Орудж-Байрами фиццаг бон Дзæуæгигъæуи цитгин уавæри игонгонд æрцудæй Сунниттаг мæзгит.

***«Жестокость по отношению к семье» – с такой формулировкой заведено дело против 40-летней итальянки. На нее подал в суд супруг, обвинив вторую половинку в неспособности готовить и поддерживать в доме чистоту. Мужчина признал, что уже более двух лет живет «в антисанитарных условиях». Теперь женщине на полном серьезе грозит тюремный срок до шести лет.***

## ДÆХЕ ЗОНÆ, КÆДИМАЙДИ БА ХУÆЗДÆР КÆНИСÆ!..



# ЗИЙНАДÆ – НЕЗÆФТАУÆГ ÆЙ?..

**Мæгур лæгæн, дан, уойййасæбæл исгъигæ æй æ зийнадæгæнагæ фуртæй, æма еу сæумæ етæ ма фунæй кодтонцæ, уотемæй сæмæ дзоруй:**

**– Дæлæ Зæрæмæги сæумицъæхæй еу лæг туман иссирдта… Сумах дæр раздæр фестиайтæ æма иссердзинайтæ…**

**Фурттæ сæ фиди дзубандитæмæ æзмæлгæ дæр нæ фæккодтонцæ, айдагъдæр си еу, нибберindзгæй загъта:**

**– Еци туман кæмæй рахаудтæй, е еци лæгæй никки раздæр исистадæй…**

**Аци хабармæ гæсгæ исаразтан нæ абони æрфарст дæр – ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл дзуæппитæн аргъгонд цæуй баллтæй.**

**1. Дæ зæрдæмæ цæуй иуазгутæ уæхемæ хонун æма (кенæ) бабадтитæ аразунгæнæги ихæстæ уæхемæ есун?**

а) Гъо, мæ зæрдæмæ цæуй – 1
б) Æцæг уомæн ести агъазиау рæуагæ ку уа – 2
в) Нæ, уæхæнæй мæмæ неци ес – 3

**2. Дæ кусти дин загътонцæ, цæмæй рацæуай дæ арæхстдзийнадæ фæббæрзонддæр кæнуни ахуртæ. Ци зæгъдзæнæ?**

а) Æхцæуæн мин нæ уодзæнæй, уомæн æма мин уой фудæй зингæ минкъийдæр уодзæнæй уæгъдæ рæстæг – 3
б) Æрцæуйнаг ци адтæй, е æрцудæй, зæгъгæ, уойййасæбæл нæ батухсдзæнæн – 2
в) Мæ зæрдæмæ фæццæудзæнæй, уомæн æма е хуарз равгæ ’й ести пайдайаг нæуæгдзийнæдтæ базонунæн – 1

**3. Цæйбæрцæбæл цæрдæг айтæ ести гъуддаг аразунмæ?**

а) Гъо, алкæддæр цæттæ дæн ескумæ фæнннæхстæр унмæ – 1
б) Æвæдзи, дæн – 2
в) Нæ дæн – 3

**4. Кинонивæмæ ку кастæ, æма ’й ку бауорæдтонцæ дзæвгарæ рæстæг рекламæ æвдесуни туххæй, уæд дæ рæбун нæ фæцæй телеканалтæ æййевæн пульт. Ци кæндзæнæ уæхæн уавæри?**

а) Пультбæл ку нæ фæхххуæст уон, уæд кæсдзæнæн рекламæмæ – 3
б) Исистдзæнæн æма æндæр мадзалæй раййевдзæнæн телеканал – 1
в) Мæ хæдзаронтæй ескæмæ фæдздзордзæнæн, цæмæй мин пульт иссеронцæ – 2

**5. Уотæ фæууй, æма рæстæг нæ иссеретæ уæ хæстæгутæ, æмбæлттæмæ бадзорунæн?**

а) Æстæн рауайуй уотæ – 2
б) Некæд – 1
в) Гъо, ахид – 3

**6. Сæумæй бауæри фæлтæрæнтæ (физзарядка) фæккæнис?**

а) Алли сæумæ дæр – 1
б) Хаттæй-хатт мæхецæн базин кæнун – 2
в) Уомæн мин нæдæр хъаурæ, нæдæр рæстæг нæййес – 3

**7. Хеуондæр уин кæци æй мæнæ аци загъдтитæй:**

а) «Зийнадæ æй размæцуди агайæг» – 3
б) «Дæхе еуварс дарæ зийнадæй – зийнадæ – дан, данкъа нæй, зийнадæ – тухгин æй, зийнадæ пил дæр рахъан кæндзæнæй!..» – 1
в) «Зийнадæ æй бафæллайуни размæ бауолæфуни æзвæд» – 2

**8. Цæйбæрцæбæл ахид æфснайис дæ фатери?**

а) Къуæрей дæргъи еу-дууæ хатти – 2
б) Архайун алли бон дæр æфснайунбæл – 1
в) Къуæре еу хаттæй æстæндæр – 3

**9. Фæлладуадзæн бæнтти косун æма фæллад уадзун уарзетæ?**

а) Гъо, уарзун мæ хуссæни фулдæр рæстæг фæуун – 3
б) Нæ, архайун зæрдæмæдзæугæ хузи бауолæфун – 1
в) Кæд куд рауайуй, мæ еумæйаг уагæ æма бонигъæдæмæ гæсгæ -2

**10. Фестæгæй цоппай, дан, пайда æй, æма фестæгæй хæтун уарзис?**

а) Хъæбæр уарзун – 1
б) Хаттæй-хатт – 2
в) Уойййасæбæл нæ – 3

* * *

**Нур ба уæ дзуæппитæн банимайетæ сæ баллти бæрцæ æма искæнетæ хатдзæг:**

**10-16 балли.** Зийнадæгæнагæ адæймаг уæ, æвæдзи, исхонæн нæййес. Уогæ, уотæ дæр рауайуй, æма дæ нæ фæффæндуй ести гъуддæгутæ æнхæст кæнун, фал уоми тæссагæй неци ес – зийнадæ кæнун хаттæй-хатт пайда дæр фæууй, цийфæнди федар бауæри дæр рæстæгæй-рæстæгмæ бауолæфун фæгъгъæуй.

**17-23 балли.** Рауайуй уотæ, æма дæ бабæрæг кæнуй мæнгард иуазæг – зийнадæ. Æма *й кæд исиуазæг кæнис, уæддæр дæ уойййасæбæл нæ бахъор кæнуй – дæ аллибони гъуддæгутæ æнхæст кæнунбæл архайис исфæлдистадон æгъдауæй, хегъæдон тæлæндзийнадæ æма æргъудидзийнадæ æвдесгæй. Архайис цийфæнди сирсир кусти дæр цидæр æнæнгъæлдзийнадæ иссерун. Зæронд гъуддæгутæмæ æма хабæрттæмæ нæуæг цæстингас дæ исуæгъдæ кæндзæнæй иуонгуæгъдæдзийнадæй æма дин фæййагъаз уодзæнæй раздæрикон разæнгæрдзийнадæ раздахун.

**24-30 балли.** Поэт уотæ загъта: «Зийнадæбæл зулундзастæй гъуди кæнун æма ин æнæнвæрсонæй æ койтæ кæнун æдулидзийнадæ ’й, зийнадæ бæллунмæ уойййасæбæл арæхсуй, æма бæлдитæ æнæмæнгæ æнхæст кæнун байдайунцæ...» Æма еци загъди хæццæ, куд кæсæн, уотемæй арази дæ. Фал уæддæр дæ зæрдæбæл ба дарæ – æнæзмæлгæ дори бунти дон дæр нæ ивулуй!..

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæдæр бæрзонддæр æй.**

**1. Петр I куд дзоридæ, уотемæй уруссаги гъæуй айдагъдæр:**
**а)** Англисаг – дензиги æма французаг – сорзæнхæбæл. **б)** Итайлаг – дензиги æма испайнаг – сорзæнхæбæл. **в)** Голландиаг – дензиги æма немуцаг – сорзæнхæбæл.

**2. Генный инженери ке хонунцæ, уой фæрци рауагътонцæ картоф, кæци хуæрунæн нæ бæзтæй:**
**а)** Хуæрзхуз силгоймæгтæн. **б)** Голландиаг хъæндилтæн. **в)** Сторвонсæн.

**3. Номдзуд композитор Россини фæллигъдæй æхе финст оперæ «Севилилаг хелдасæг»-и («Севильский цирюльник») премьерæй, цæмæй ниффинстайдæ:**
**а)** Цидæр алæмæти салати рецепт. **б)** Опери сæйраг хъайтар Фигарой кавантини, æндæр хузи. **в)** Оперæ «Вильгельм Телль»-и сюжет.

**4. Рагон персайнаг базари фус балхæнун æнгъизтæй:**
**а)** Еу дарикæй (персайнаг сугъзæринæ æхца). **б)** Æртæ статерæй. **в)** Æма сæ базартæй ба кæми адтæй?

**5. Уруссаг къумæл Америки худтонцæ «коммунистон…»**
**а)** Æвзедæн. **б)** Кока-кола. **в)** Тауæггадæ.

**6. Англисаг киндзæхсæвæри гъорти сæр цæйбæрцæдæр рæстæг фæгъгъæуай кæнунцæ æма ’й бахуæрунцæ айдагъдæр:**
**а)** Æвзестæ киндзæхсæвæри рæстæг. **б)** Сæ цард ка байеу кодта, етæ ку рахецæн унцæ, уæд уой фæдбæл бабадти. **в)** Сæ фиццаг сувæллони дзиуарæфтуди фæдбæл мадзали рæстæг.

**7. Branvin, зæгъгæ, шведаг арахъи ном амонуй:**
**а)** Цæфсгæ сæнæ. **б)** Тæнæг арт. **в)** Сугъд æвзаг.

**8. Уруссаг киндзæхсæвæри уазал æма тæвдæ ахуæнти æхсæн иуазгутæн рахæссиуонцæ:**
**а)** Цæхгун хуæргæнæстæ. **б)** Карки басæ. **в)** Арахъ æма ахуæн.

* * *

**Раст дзуæппитæ 36-аг номери мухургонд фарстатæн:**

**1.** Бамбук. **2.** Силгоймæгтæ. **3.** Шахтер Алексей Стаханов. **4.** «Бархеуонти марш». **5.** Комиссар. **6.** 1982. **7.** Илья Эренбург.

## И ЧТО ТОЛЬКО НЕ УСЛЫШИШЬ В ЭТОЙ ЖИЗНИ!..

Все считают меня неконфликтным человеком. Они не знают, что мне просто лень отвечать на тупость людей.

* * *

Я встал с кровати и лег на диван. Надеюсь, эта утренняя гимнастика мне не повредит.

* * *

Самое сложное в безделье — это то, что нельзя остановиться и передохнуть.

* * *

— Опишите себя в трех словах.
— Ленивый.




Рисунок из открытых источников

Сержант обращается к новобранцам:
— Сегодня есть работа для настоящих лентяев. Поднимите руку, кто захочет ею заняться. Все солдаты дружно подняли руку, кроме одного.
— А ты почему не поднял руку, Смирнов?
— Лень, товарищ сержант.

* * *

С улицы доносится: «Лежать! Лежать! Молодец!» Да. Я лежу. Я молодец.

* * *

Нет, я вовсе не ленивый человек. Просто дьявольский диван взял мое фото, сходил к гадалке и сделал приворот.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2189**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 06.10.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 06.10.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**